

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG RÉKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Naskah drama téh salasihiji karya sastra modérn anu diperankeun ku sababaraha pamaén di panggung, ku ayana improvisasi ku sabab pamaén téh kudu maca jeung ngapalkeun heula dialog anu aya dina naskah (Felta, 2020, kc. 14). Biasana naskah téh ngandung ma'na anu hadé, salsahijina nyaéta naskah drama 'Badawang' karya R. Hidayat Suryalaga. Sanggeus dibaca ieu naskah téh miboga ajén anu hadé. Sanajan ieu naskah téh singget tapi eusi dina caritana téh ngagambarkeun kaayaan politik di jaman ayeuna. Nilik kana naskah drama anu loba dijadikeun objék panalungtikan, sanajan kitu anu nalungtik ajén moralna téh teu loba. Ajén moral téh raket patalina jeung kahirupan urang sapopoé. Ku kituna, ieu panalungtikan téh miboga tujuan nyaéta; 1) ngadéskripsikeun struktur carita 2) ngadéskripsikeun struktur naskah, jeung 3) ngadéskripsikeun ajén moralna. Nurutkeun tiori Warnaén (Sudaryat, 2015, kc. 126) aya genep jenis moral nyaéta moral ka Pangéran, moral ka dirina, moral ka papada jalma, moral kana alam, moral kana waktu, jeung moral dina ngudag kasugemaan lahiriah jeung batinhiah. Ulikan tiori anu digunakeun nyaéta konsép struktural nurutkeun Robert Stanton jeung konsép ajén moral Warnaen. Méthode panalungtikan anu dipaké nyaéta méthode deskriptif analisis kalawan pamarekan kualitatif sedengkeun téhnik anu digunakeun nyaéta téhnik ngumpulkeun data ku cara studi pustaka, jeung ngolah data ku cara analisis. Instrumen anu dipaké dina wangun kartu data strktur craitana, kartu data struktur naskah jeung kartu data ajén moralna.

Déskripsi struktur carita dina naskah drama 'Badawang' karya R. Hidayat Suryalaga. Mimiti nganalisis naskahna heula tuluy kapanggih data di antarana aya téma, fakta carita (galur, latar, tokoh) jeung sarana carita (gaya basa, puseur panitén jeung judul). Téma dina ieu carita téh aya: 1) 'Seniman jeung Budayawan anu keukeuh mbung dipimpin', 2) 'Wartawan manggih koran anu eusina kasus anu goréng', 3) 'Budayawan anu manggih kasus anu eusina kasus anu hadé', 4) Cendekiawan anu ngingetan kana kabersihan, 5) Cendekiawan anu ngomén kana gawéna pamingpin. Galur dina ieu carita téh campuran, latar tempat ieu carita téh dihiji lembur anu siga jarian, latar waktu dina ieu carita téh teu disebutkeun sacara

jas, latar sosial anu aya dina carita téh nyaéta masarakat anu ngarasa *trust issue* kana gawéna pamingpin anu sakahayangna. Tokoh dina carita aya opat nyaéta Seniman, Wartawan, Cendekiawan jeung Budayawan. Gaya basa anu kapanggih dina ieu naskah téh aya lima nyaéta gaya basa mijalma, gaya basa sindir, gaya basa hiperbola, gaya basa lalandian jeung gaya basa ngupamakeun. Puseur panitén dina ieu naskah téh jalma kahiji. Judul ‘Badawang’ téh cocog jeung eusi ieu carita lantaran hart badawang dina kamus umum basa sunda taun 1981 disebutkeun ‘*Badawang kb jajalma anu jangkungna leuwih ti jalma, dipakéna dina waktu iring-iringan; kadaton nu ngadangong tanggoh lir ibarat badawang sarat, panceg maseuk napak bumi;*

Kadua déskripsi struktur naskah dina naskah drama ‘Badawang’ karya R. Hidayat Suryalaga. Mimiti nganalisis naskahna heula tuluy kapanggih data di antarana nyaéta kapanggih ayana dialog: 1) Cendekiawan jeung Seniman, 2) Budayawan jeung Wartawan, 3) Wartawan jeung Seniman, 4) Cendekiawan jeung Wartawan, 5) Budayawan jeung Seniman, 6) dialog Budayawan jeung Cendekiawan. Adegan dina ieu naskah téh ngan aya hiji ku sabab tempat jeung waktuna teu robah ti mimiti nepi ka ahir carita, lantaran ieu naskah téh kaasup kana *short story*. Kapanggih ogé ayana genep belas wawancang jeung genep belas kramagung, anu ngabédakeuna nyaéta dina panulisanna, wawancang ditandaan ku tanda kurung, kramagung ditulis ku kalimah langsung.

Katilu bisa ngadéskripsikeun ajén moral dina naskah drama ‘Badawang’ karya R. Hidayat Suryalaga. Kapanggih ayana genep moral di antarana nyaéta opat moral manusa ka Pangéran, dalapan moral manusa ka dirina sorangan, lima moral manusa ka papada jalma, opat moral manusa kana alam, opat moral manusa kana waktu, jeung tujuh belas moral manusa dina ngudag kasugemaan lahiriah jeung batiniah. Kagenep moral éta aya dina ieu naskah. Panalungtikan dina naskah drama ‘Badawang’ karya R. Hidayat Suryalaga ieu nyampak struktur caritana, struktur naskahna jeung ajén moralna.

Kacindekan singget naskah drama ‘Badawang’ karya R. Hidayat Suryalaga téh beunghar ku ajén-ajén moral dijerona. Ku kituna panalungtik milih ieu objék sangkan menangkeun data struktural jeung ajén moralna.

5.2 Implikasi

Naskah drama 'Badawang' mangrupa salasahiji karya sastra sunda anu dijerona lob ajén moral anu bisa dijadikeun conto dina kahirupan sapopoé. Ieu panalungtikan dina nganalisis ieu panalungtikan tangtuna aya kaonjoyan jeung kahéngkérana.

Kaonjoyan dina ieu panalungtikan bisa jadi bahan diskusi sangkan urang apal kana moral, sangkan urang jauh tina paripolah anu goréng. Dina ieu panalungtikan téh pastina moal leupas tina kahéngkérana, lantaran panalungtik anu ngarasa acan maksimal dina ngulik objék anu ditalungtik. Panalungtik miharep sangkan ajén moral anu aya dina naskah drama 'Badawang' téh bisa jadi conto kanggé urang sadayana. Tétéla masih loba kénéh sabenerna anu masih bisa diguar dina ieu panalungtikan téh. Ku kituna, hususna ka para mahasiswa ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun référénsi pikeun bahan panalungtikan deui kahareupna.

5.3 Rékomendasi

Sabada ieu panalungtikan "Naskah Drama 'Badawang' Karya R. Hidayat Suryalaga (Ulukan Struktural jeung Ajén Moral)" dilaksanakeun. Aya sababaraha rékomendasi anu ditujukkeun pikeun pihak-pihak anu aya patalina jeung ieu panalungtikan.

- 1) pikeun mahasiswa dipiharep bisa ngamangpaatkeun ieu panalungtikan pikeun jadi référénsi dina mata kuliah menulis skénario tur bisa dituluykeun ku panalungtikan-panalungtikan anu leuwih hadé, ku sabab panalungtik ngarasa ieu panalungtikan téh can maksimal,
- 2) pikeun pamaca, ieu panalungtikan bisa jadi élmu anu anyar dina kajian kasusastraan. Salian ti éta, ajén moral dina ieu panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun eunteung pikeun urang sadaya dina kahirupan sapopoé di lingkungan masarakat,
- 3) pikeun panalungtikan satuluyna dipiharep bisa ngamangpaatkeun ieu hasil panalungtikan sangkan bisa jadi tapak lacak pikeun panalungtikan nu leuwih jembar.